No. 19 — 7 Mèi 1931 — Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA-TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
1/2 „ . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan
njoewoen kabajar roemijin.

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . f 36.—.
1/2 „ . . . . . f 18,65.
1/4 „ . . . . . 9,75.
1/8 „ . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03; sekedik-kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit-alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepaog rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius." Djokja

AMBOEROE GESANG.

— Babagan Toerisme —

Inggris poenika ngangkah soepados tanahipoen kerep dipoenambah tijang ngamantja, awit ngertos jèn tijang ngamantja waoe temtoe mbekta arta. U. S. A., Perantjis lan Djerman saben taoen saged narik tijang majoeta-joeta, perloe plesir wonten ngrikoe, Inggris boten saged. Mila sapoenika badé triwikrama. Sadaja kawoela Inggris kedah mbantoe, tanpa milih tijang; saben paos f 12 ingkang 5 sèn badé kalebetaken ing kas Toerisme, perloe kanggé narik tijang ngamantja dateng Inggris. Awit saben taoen tijang mantja ingkang dateng Inggris namoeng watawis 1/2 joeta, mangka ingkang dateng Perantjis mèh 2 joeta; mila Inggris mèri, sapoenika badé ngetog kekijatan.

— AKALIPOEN —

Akalipoen sarana damel reclame ing serat kabar, ing haven, bioscoop l. s. s. Kados ingkang njerat poenika ngadep gambaripoen haven ing San Fransisco, ingkang gadah pier 41, oegi kintoenan saking ngrika. Reclame!! Lan inggih ngadep gambar margi ageng ingkang pèni, gedong bandjengan, trèm rèntèng, tijang langkoeng soemebar, oegi sapéranganing kita San Fransisco: Reclame!

Lan ngandap gambar tamanan saé, asri, ngresepaken, wonten bloembang lan pantjoeranipoen, ing katebihan katingal koepel kapitoel Washington: Reclame!! grès kintoenan saking Waschington: sadaja waoe moengel gilo kéné apik, mrénéja!!

Gambar ingkang kados makaten saking Inggris koela dèrèng angsal; mila Inggris bab poenika kawon; sanadjan ta kita LONDON dados poesering padagangan ing sadonja: nanging bab toerisme kompèren!! Lah sapoenika jèn saged badé toemandang. Roeslan inggih makaten. Roeslan inggih badé nggèrèdi tijang mantja soepados poeroen mertamoe. Namoeng ki Roes bab poenika boten barès, margi ngemoe politiek. Boten ngemoe, malah kadjengipoen amoeng bab politiek: soepados para tamoe saged kapelet, ngrasoek ngèlmoe BOLSJEWISME. Jèn Inggris boten; Inggris namoeng mligi mèri dateng Prantjis, déné djolokan kerep kataman, ndjalari saged angsal bledoeg katah. Dados Roeslan ngoedi bab toerisme, perloe propaganda Bolsjewisme, Inggris ngoedi indaking toerisme loegoe perloe pados arta.

Ing Bali toerisme saking U. S. A. saja redja, soewaoe 50 dangoedangoe dados 4000!

Toemrap mantja pradja ing Indonesia ingkang kerep katjatet ingboekoe toerisme JAVA, Bali, ladjeng Soematra, Borneo, Celebes lan Papoea awis-awis.

Toemrap Perantjis ingkang kerep katjatet: Parijs, Lourdes. Italie: Rome, Djerman: Oberamergou. Zwitzerland: Davos l. s. s.

Casino ing Montecarlo oegi kerep kaseboet, nanging tijang mrikoe perloe botohan saminipoen tijang dateng Zwitserland perloe sport lan djedjampi. Dateng Ngeroem perloe babagan agami oetawi kawroeh. Dateng Paris plesir rojal-rojal. Dateng Bali tempels lan dans. Dateng JAVA wajang lan Baraboedoer. Dateng Celebes kilap, mila ing rikoe mèh boten naté kambah toerist.

Lourdes lan Oberamergou sampoen tjeta kadjengipoen: babagan agami.

Wiwit sakedapan poenika Noorwegen, Denemarken, Zweden oegi kerep dipoenambah toerist; kantor toerist Denemarken ing Amsterdam mila gadah, saged nglebetaken reclame ing pers Walandi kanti sembada.

Boekoe-boekoe toerisme ingkang kasedijakaken ing kantor toerist reginipoen adat andap sanget, oetawi ratjak graties, kasoekakaken dateng tijang ingkang mila neda: lan adat pangetjap lan isinipoen peng-pengan; kadjawi tjeta, basanipoen adat memalatsih lan mila pantjèn bregas. Boekoe toerisme satoenggal, jèn kleresan ngoengkoeil woelangan babad ing sataoen: tjeta, bregas: oepami tijang méntjoetaken.

Prijantoen priksa: Java kerep kaambah toerist. Namoeng saking dajanipoen sinten?? Bangsa mantja. Lindeman lan Lisone. Kita??? mireng kémawon terkadang boten!! Poenika gambaripoen kajoetoenan kita! Lemahé diidak ing wong adoh-adoh ora ngerti.

Ingkang poenika kita wadjib ngertos!! Lan jèn saged kedah nempil kasilipoen.

Tjara djaman kina sinten ketamoean kedah njegah. Tjara toerisme boten. Sinten ketamoean kedah saged ngrogoh kantongipoen poen tamoe. Poenika koewadjiban tjara modern. Inggris inggih badé nindakaken koewadjiban waoe. Jèn saged kita inggih kedah nindakaken, mangké mindak dipoenwastani boten netepi wadjib.

Terang bab toerisme kita taksih joetoen. Mila koela perloe ladjeng damel oréan poenika.

Bank, pers, dagang nationaal sampoen wonten. Tanggoeng djiwa idem. Kantor toerist dèrèng, mila para achli noentoen bangsa kedah ènget bab poenika, soepados kamadjengan kita djangkep, boten gotang.

Koela sampoen matoer: San Francisco gadah pier, palèrènan baita 41, Tandjoeng Prijok katah-katahipoen 6; ing ngrikoe tétéla sapinten agengipoen pelaboehan San Francisco, awit Tandjoeng Prijok ageng-agenging pelaboehan Indonesia; pieripoen katah-katahipoen 6; 6 katanding 41 mèh tikel 7.

Sami-sami pelaboehan ing samodra ageng, mila San Francisco pelaboehanipoen ageng pijambak, lan klebet adi pijambak ing sadonja. Mila pantjèn makaten. Satléraman pier 41 waoe kados soekoe klabang, saking katahipoen.

Pier 41 waoe amot kanggé ngaso baita 237, enz. enz. poenika litanie toemrap pelaboehanipoen, dèrèng toemrap kitanipoen. Pramila sadaja akalipoen, kantor dagang ing rika, saéning kita, redjaning dagangan, saéning pelaboehan, katjandra, kagambar, katerangaken mawi angka lan kaart, kasedijakaken . . . . graties dateng sok tijanga ingkang poeroen neda.

Nah, ningali akal kados makaten poenika poenapa boten perloe kita damel ada ingkang mèmper poenika toemrap koran kita. Kados Maasbode, gongipoen pers Katholiek ing Nederland, oegi kawaos para among dagang ingkang dédé Katholiek. Poenapa kita boten saged akal-akal, propaganda, tawi satengah ngonjok-ngonjokaken, ngalem soepados SWARA TAMA kawaos waradin ing sadajaning golongan, Katholiek lan boten Katholiek.

Kados roemijin djaman DJAWI SRAJA oegi kawaos salah satoenggilling kadji ing Koedoes. Bab DJAWI SRAJA poenika kados sadèrèk Dwidjasaraja priksa pijambak. Poenapa SWARA TAMA boten saged mlebet ing gotrah boten Katholiek kados djaman DJAWI SRAJA?

Oepami kita poeroen bab poenika temtoe saged kalampahan. ALLES IS EEN KWESTIE VAN SPREKEN EN DOEN. Waton kita poeroen tawi, dangoe-dangoe temtoe klebet. Boten badé lidok!! Senadjan volk ngertos jèn Sw. T. Katholiek. Waton isinipoen saé, moerakabi saben iroeng temtoe poeroen maos.

Kados déné MAASBODE, saben iroeng WALANDI ngertos jèn poenika Katholiek, éwadéné kaoem dagang dédé Katholiek oegi maos.

Mila oeger kita poeroen, SW. T. saged énggal gadah oplaag pengpengan.

Ing nginggil koela matoer mawi kedah radi ngonjok-ngonjokaken, badipoen *Kerkelijke Staat*, boten mangertos *moela boekanipoen* ing dalem Pasamoewan Soetji wonten Kerkelijke Staat.

Linea Recta amastani de Paus boten mangertos bilih barang donja poenika boten lana. Boten soesah Prendjak Mataram ingkang anggenahaken prakawis poenika. Anak koela si Prendjakmanis, oet. siswa Katholiek ingkang saweg oemoer nem taoen kémawon saged mangsoeli: „Apa perloené wong ana ing ngalam donja?" Manawi botjah wingi soré saged mangertos „swarga koewi sing dadi bakoening sedya manoengsa tinitahaké" . . . poenapa Paus ingkang dados sesepoeh oetawi Ratoe ing salebetipoen Pasamoewan Katholiek boten mangertos risaking barang donja? Saking anggènipoen keblerengen ing materialisme, saking anggènipoen kèbekan nafsoe djasmani, Linea Recta ngantos boten mangertos bilih agami Katholiek lan oegi agami sanèsipoen angandemi: barang donja koewi ora langgeng.

Tjekap samanten kémawon! Journalist ingkang dédé „justum et tenacem propositi virum" waoe, kénging bingah, kénging lega, kénging kidoengan dédé kalegan sedyanipoen. Manawi perloe, kénging ngasah dadamel malih. Koela atoeri njambi mirengaken Gamboehipoen Prendjak Mataram, makaten:

Mangkana sang binagoes, kang paparab Prendjak Matram patoet, nggajoeh minggah kekedjer nèng ngawijati; sarwi ngotjèh nganjoet-anjoet, atatanja mring saben wong:

„Paran baja poenikoe, karsanipoen sagoeng pra noeng-anoeng, kang angaken pangandjoeré Indonési, saben-saben ngoewoeh-oewoeh: „Hèh, hèh, kantja dèn mangretos:

„Sasmitaning panggajoeh, mring hoenggjaning moekti miwah loehoer, ora ana dadalan ingkang pakantoek, andjaba moeng: roekoen, . . . , roekoen!, noenggal karsa gendon roekon.

„Paran déné wong ikoe, darbé tindak ingkang amoemoeroeng, marang sedya soepeketing éka kapti, andadra dènnja njanjaroe, drengki, srèi dipoenanggo.

„Gawé pingget lan tatoe, mring atiné wenèh kadangipoen: toenggal bangsa, toenggal basa, toenggal asli, moehoeng tansah ngawoes-awoes, ngérang-érang tanpa waton.

„Dahat karja pakéwoeh, anggoningsoen nampani pitoetoer: roekoenipoen sagoeng poetra Indonési, Apa ikoe kang sineboet, djoeal gelar adol obrol?"

* * *

Prendjek, . . . prendjek, ... ! Prendjak Mataram tjlorot medak méntjok ing pang kemoening pados wiwisiking gaib, kanggé wawarta datenging poen tamoe ingkang ndjoendjoeng daradjading bangsa. Kanggé anggajoeh kasembadaning gagajoehan: „voor God en mijn Vaderland: „Dieu et mon droit."

Prendjak Mataram.

---

awit tjara bakoel kedah makaten. Kedah grètèh, boten perloe sereng. Awit koela ènget: roemijin ing Mataram wonten zelateur kalih, a) nglempakaken arta kanggé pasarépanipoen Rama Van Lith, b) kanggé mèngeti Rama Leemker 50 taoen dados Imam; a waoe grètèh, b boten; angsal-angsalanipoen a menang.

Mila oepami koela damel compagne, mradinaken wontenipoen SWARA TAMA, temtoe badé wonten kasilipoen. Paribasan apa-apa koewi ora ana ilangé.

LOO. Sadaja poenika mboeroe gesang. Djaman roemijin sapoenika sami kémawon.

Kala-kala kedah mawi radi nékad. Insja' Allah.

ANDAJA.

ISINIPOEN.

Amboeroe gesang — Intellect kapantjing ing éblis — Pakarjanipoen tangan bandan kalijan tangan mardika — Goentingan pers — O. G. P. Oe. — Pangandikanipoen K. S. Bapa Leo XIII — Ontjèn sekar gambir melati — Pakabaran saking pakempalan — Oerap-sari — Wawasan boekoe — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

DE PAUS EN DE EUROPEESCHE VREDE.

Minggoe kapengker, Prendjak Mataram sampoen anjekak soeraosing karanganipoen Linea Recta wonten Soeloeh Rakjat Indonesia prakawis: „Paus kalijan tentreming djagad Europa."

Tjoba, koela anglarihi djogèding pènipoen Linea Recta, ingkang ateges *garis kentjeng* poenika.

Manawi Linea Recta nedya angrembag prakawis poenika, kedah mangretos: Paus lan Vrede!

Kawoeningana: Pamanggih Katholiek babagan *perang* poenika makaten. Ing salebetipoen agami Katholiek wonten piwoelang: Sira adja gawé pati. Nanging poenika, boten ateges wawaler ingkang babar pisan boten angéngingaken tijang Katholiek sami perang. Awit: *„zoolang nu leven, materieel, eigendom en geestelijke waarden niet zijn veilig gesteld, zal ook het recht tot oorlog onder bepaalde omstandigheden aan geen volksgemeenschap kunnen worden ontzegd.'* (Lezing Legeraalmoezenier 2e. Divisie wonten ing parepatan toenanipoen R. K.O.O.B. St. Ignatius. Zie: Koerier 21 Januari 30.) . . . . Dados sadangoenipoen dèrèng wonten pandjagi ingkang miloedjengaken temenan dateng gesang, banda kadonjan lan rohani, boten saged angitjali wewenang bangsa sami mangoen joeda.

Perang ingkang pantjèn adil, leres, mapan, boten kaawisan ing agami Katholiek. Nanging ènget: poenika namoeng doemoeng dados *sandjata pamoengkas*. Tegesipoen manawi pantjèn sampoen boten wonten ihtijar sanèsipoen.

Éwadéné, sanadjan makaten, boten ateges Pasamoewan Soetji ngemohi katentremaning bawana. Sampoen dados wadjibipoen sadaja agami, maatschappij, sarta saben tijang soepados sami anggajoeh dateng *gagajoehan* ora ana perang. Saben tijang kedah anggajoeh wontening djaman anresnani sapadapada, sarana angakeni lan ngaosi wewenangipoen. Inggih sanadjan béda pakoelitan daradjad lan bangsanipoen, sadaja waoe kedah rinengkoeh toenggil Bapa satoenggal, ingggih Allah ingkang moerba amasésa boemi langit saisinipoen.

Amila, Sesepoehing Pasamoewan Soetji inggih boten pegat angoedi tentreming djagad, dados boten namoeng djagad Europa. Sanadjan bokmanawi kapara njata kados pangintenipoen Linea Recta bilih dawoeh pangandikanipoen boten badé andajani wonten ing djaman materialisme lan imperialisme, poenika boten ateges: „Paus! Wis adja toetoer-toetoer! Tanpa daja!" Oepami Linea Recta mangertos bilih pènipoen boten andajani toemrap organisatie ing dalem Pasamoewan Soetji, boten saged angrenggaken djagad Katholiek kalijan Roem, poenapa inggih Linea Recta, angenggèni anggènipoen anti Roem, sasaged-saged boten propaganda angotjar-atjir barisan Roem?

Anggènipoen tetijang Katholiek ing pradja-pradja ingkang sami mangsah joeda toemoet-toemoet manggoel sendjata, poenika Linea Recta kedah mangertos sapinten bektinipoen oemat Katholiek dateng nagarinipoen. Lan journalist garislentjeng, kedah mangertos oegi, perang makaten dédé lepatipoen Kg. Paus, dédé lepatipoen Pasamoewan Soetji. Poenika tatanggelanipoen pradja-pradja pijambak!

Linea Recta mastani pantjènipoen Kg. Paus kagoengan pangaribawa oetawi pangoewaos toemrap tentreming bawana, . . . nanging boten dipoenpigoenakaken. Awit, pandjenenganipoen boten karsa andawoehaken. „Wong Katholiek adja mèloe perang!" Saladjenipoen kawastanan Kg. S. Bapa poenika amoelitik, Pasamoewoean Soetji ladjeng verpolitiekt. . . . .

Ing ngriki, Linea Recta katlekoe temboengipoen pijambak. Sendjata makan toean! Awit, journalist Linea Recta, mangertos de Paus sampoen angedalaken nawala bab katentremaning bawana. (Koela imbeti, boten namoeng Paus Pius XI. ingkang amarsitakaken tentreming bawana. Paus ing abad ingkang kapengker inggih wonten matedakaken Nawala Katentremaning bawana). Éwadéné,..... journalist Linea Recta wani netepaken: „Paus ora migoenakaké pangaribawané toemrap tentreming bawana!" Kawoeningana Roem saben-saben ngandika: tentrem, . . . tentrem, . . . Nanging para naranpradja sami andoeroesi kadjengipoen pijambak, sami menangaken djasmani tinimbang rohani . . . . Lan oemat Katholiek margi tresna dateng nagarinipoen pikantoek aba saking pangagenging nagari. „madjoea perang!" . . . ladjeng sami toemandang . . . Jagéné Paus ora dawoeh waé „Adja gelem dikon mèloe perang" Awit jèn Paus dawoeh mangkono, wedoes-wedoesé mesti manoet."

Dados, Linea Recta ngakeni: „Paus ora gelem andawoehaké wong Katholiek adja gelem mèloe perang." Poenika sampoen pasaksèn ageng: *Paus koewi ana sadjabaning politiek*. Rome ora tjampoer politiek! Dados, manoet temboengipoen Linea Recta waoe, saminipoen, journalist poenika ngakeni: Paus ana sadjabané politiek! Éwadéné, . . . die zelfde Linea Recta anetepaken: „Paus, Kerk, koewi verpolitiekt." Poenapa poenika garis lentjeng, Linea Recta? Setoen leres manawi dipoenwastanana *dédé* journalist *„justum et tenacem propositi virum."* Dédé een rechtvaardig en beginselvast man. Dados anggènipoen boten andawoehaken „adja mèloe perang" waoe boten kok adjrih kalijan Mussolini, lss. Nanging, margi pantjèn de Paus poenika diloear politiek. Mangertos?

Garis lentjengipoen Linea Recta anetepaken Kg. Paus ma-abad-abad tansah ngoedi anggadahi pangawasa kadonjan (wereldlijk gezag), lan ngoedi oegi nglestantoenaken pangawasa waoe. Kg. Paus dipoenwastani boten mangertos lan bokmanawi boten poeroen njinaoe bilih sadaja ingkang wonten donja poenika boten lana.

Kg. Paus ngoedi anggadahi lan nglestantoenaken wereldlijk gezag? O, bokmanawi saking *pinteripoen*, journalist waoe boten saged anegesi boeboekaning Nawala „Immortale Dei" paring dalem Paus Leo XIII kala 1 November 1885, ingkang soeraosipoen: „sanadjan Pasamoewan Soetji poenika bakoening sedyanipoen prakawis kabatosaning tijang sarta ngoedi soepados tetijang sami minggah ing swarga, éwadéné katah oegi pikantoekipoen toemrap barang² djasmani: ngantos sasat babadan ingkang anamtokaken oetawi mikantoekaken kabegdjan wonten ing ngalam donja." Oetawi, bokmanawi Linea Recta waoe boten mangertos dateng ba-

PRADJA RAHAJOE.

INTELLECT KAPANTJING ING ÉBLIS.

Tijang mantjing oelam poenika manawi pantjingipoen katingal, angèl sagedipoen angsal oelam. Mila ladjeng akal, mendet tjatjing ingkang

SAKING PAKEMPALAN.

P. K. V. B.
afdeeling Ngawi.

Nalika tg. kaping 28, April 31. wantji djam 6. sonten tjabang P(ersatoean) K(aoem) V(erplegerster) (vroedvrouwen) tjabang Ngawi mentas damel parepatan warga. manggèn ing ndalemipoen sdr. Mantri. verpleger Moh. Rosid Kp. Kaliloro. Sedaja warga P. K. V. B. tjabang Ngawi sami rawoeh, kedjawi pandjenenganipoen Vroedvrouw margi alangan, tamoe wonten 4.

Sadèrèngipoen parepatan dipoenwiwiti sdr. Voorzitter ngatoeraken sanget panoewoen dateng sdr. Moh. Rosid, dénè karsa maringi papan saha ngatoeraken soegeng rawoeh dateng sadaja ingkang sami rawoeh.

Sasampoenipoen sdr. voorzitter ladjeng njarijosaken lampahipoen nalika tindak dateng openbare vergadering ing Kroja dd. 5/4—,31, kanti pandjang lébar lan tjeta.

Ing sarèhning sdr. Secretaris penningmeester tampi ajahan wangsoel malih dateng Polikliniek Tjaroeban (Madioen), mila ladjeng kapaksa lèrèh saking Secretaris-ipoen, daloe poenika oegi ladjeng ngawontenaken Bestuur verkiezing sarana stembiljet. Woedjoedipoen bestuur lami:

1. Voorzitter sdr. M. Seger Sasraprawira Mantri-verpleger 2. kl. b/d Mijnswormbestrijding.
2. Secretaris penningmeester sdr. R. B. Satari M. V. 2 kl. b/d. B. I. Z. Ngawi.
3. Commisaris sdr. M. Kosijoen Hoofd Mantri-verpleger b/d. B. I. Z. Ngawi.
4. Commisaris sdr. R. M. Semploe M. V. 2 kl. b/d. B. I. Z. Ngawi.

Bestuur énggal.

1. Voorzitter taksih tetep.
2. Secretaris sdr. R. M. Semploe.
2. Secretaris sdr. Moh. Rosid.
3. Penningmeester sdr. M. Kosijoen.
4. Mevr. Moh. Rosid.
5. sdr. M. P. Josapat. } Commisarissen.
6. sdr. M. Sarponi.

Nampi warga énggal 8. Mantri-verpleger 2. leerlingen 6. inggih poenika sdr. M. V. Mas Djais P. K. Ngrombee saha sdr. M. Sarponi saking P. K. ing Tjoroetan, leerlingen dipoentampi dados buitengewone leden. P. K. V. B. tjabang Ngawi sewaoe gadah warga 10. samangké dados 18, Djam 8 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng, sadaja sami sorak „hidoeplah verplegerbond."

Boten langkoeng koela secretaris lami ngatoeraken sanget panoewoen dateng pandjenenganipoen sdr. M. Sg. Sasraprawira, Radèn Mas Semploe saha sdr. Moh. Rosid, dénè pandjenenganipoen sami karsa ngoerbanaken tenaga miwah sarira perloe ngemoedèni vakbond kita ing Ngawi. Moegi-moegi P. K. V. B. tjabang Ngawi sageda gesang soeboer ing djaman ramé poenika kanti ngambah margi ingkang leres, tinebihna ing sambékala.

Boten langkoeng panoewoen koela para bestuur tjabang Ngawi sami kersaa tansah ènget saha koela ngatoeraken „Vita langga" (oemoer-pandjang) dateng pakempalan kita djabang baji ingkang nembé lair ing samodraning djaman pergerakan.

Woesana
Salam koela
B. Satari.

PAREPATAN WARGA R. K. D. B.

Nalika tanggal kaping 26 April 1931, djam 10,30 éndjing R. K. D. B. ngawontenaken parepatan warga, manggèn wonten gedong Militair thuis ing Kramat Djakarta. Warga ingkang dateng wonten 30, kaétang kalijan rama parampara; ingkang karembag:

I. Pamboeka, déning sadèrèk Pangarsa, kanti ngloehoeraken Asma Dalem Goesti Allah.

II. a. Maos notulen parepataning warga ing woelan Februari 1931, sareng sampoen dipoenwewahi ladjeng kaabsahaken.

b. Maos verslag taoenan, wiwit madeg ngantos doemoegi sapriki; sareng verslag taoenan sampoen kaéwahan ladjeng kaabsahaken.

c. Maos verslag pahargjan pista.

d. Sadèrèk Hardono maos verslag kawontenanipoen mlebet medaling jatra kas wragad-wargad kanggé pahargjan pista saha jatra oeroenan saking para warga.

III. Pilihan Pangarsa, wondéné sawoengsawoengipoen.

1. Sadèrèk **D. Radjak** angsal swara 11.
2. „ **E. Wadjib Hardjoséwojo** angsal swara 10.
3. Sadèrèk **W. Soeradi** angsal swara 7.
4. „ **A. Hardjosoewito** angsal swara 1.

Woesana ingkang kapilih dados Pangarsa sadèrèk D. Radjak. Sabakdanipoen poenika taksih wonten lowongan warga Pangrèh kalih idji, pramila inggih ladjeng ngawontenaken pilihan malih; ingkang kasawoengaken:

I. rara *P. Soedijati.*
II. rara **A. Soemilah.**
III. sadèrèk *W. Soeradi*

Dénè ingkang kapilih dados warga Pangrèh inggih poenika:

I. rara P. Soedijati lan II. sadèrèk W. Soeradi.

Ing wekdal sapoenika warga Pangrèh R. K. D. B. wonten gangsal, inggih poenika:

I. Sadèrèk **D. Radjak** *Pangarsa.*
II. Sadèrèk **W. Soeradi** *moeda Pangarsa.*
III. Rara **P. Soedijati** *Panitra.*
IV. Sadèrèk **E. Wadjib Hardjoséwojo** *Hardono.*
V. Sadèrèk **Ph. Baskoel Djojomangoenpati,** *warga roemeksa.*

Wondéné warga Pangrèh lami, inggih poenika:

I. Sadèrèk *F. Koesman Partoatmodjo Pangarsa.*
II. Sadèrèk *J. Soedono Gondosoesastra Panitra.*
III. Sadèrèk **E. Wadjib Hardjoséwojo** *Hardono.*
IV. Sadèrèk *P. Soediro Mangoensoediro warga roemeksa.*
V. Sadèrèk **Ph. Baskoel Djojomangoenpati.** *Warga roemeksa.*

Sadaja warga Pangrèh lami (ingkang sampoen lèrèh) boten sami nampi dipoensawoengaken malih, djalaran kekatahen padamelan.

IV. Pitakénan.

V. Panoetoep déning sadèrèk Pangarsa énggal kanti sembahjangan sembah bekti, kirang langkoeng djam 12,30 siang pakempalan katoetoep

Saking pamoedji koela para warga Pangrèh énggal poenika, moegi ingkang langkoeng tegoeh anggènipoen ngasta kemoedining pakempalan kita **R. K. D. B.,** toewin ngatoeraken goenging panoewoen doemateng sadaja warga Pangrèh lami ingkang sampoen karsa ngoerbanaken **kekijatanipoen.**

Djakarta 28 April 1931.
Radèn Ph. Baskoel Djojomangoenpati.

sémahipoen waoe boten béda kalijan manawi anak èstri dipoensénggol ing sanès.

Éblis poenika woelangipoen: njénggola oetawi gelema disénggol. Nanging manawi rékanipoen kados ingkang katjeta ing nginggil poenika, pamantjingipoen poen éblis boten toemindak, sabab tijang djaler lan anak sémahipoen waoe ngertos jèn poenika panggoda, boten poeroen njelaki, tan prabéda kalijan oelam ingkang soemerep pantjing gilap lan mingit-mingit.

Éblis toekang mantjing soekma, wasis. Pijambakipoen pados tjatjing kanggé noetoepi pantjing, inggih poenika djogèd rangkoelan (dangsah tjara Éropah. Pènget: tajoeb poenika oegi pantjing mawi tjatjing).

Sapoenika oelam-oelam ladjeng rebat rikat anggènipoen moeroegi.

Oelam kénging pantjing makaten, wonten èmperipoen, sareng manoengsa ingkang mawi boedi! langkoeng-langkoeng bangsa Intellect! Poenapa boten damel koetjem?

Jèn ana ing dalan disénggol, sing lanang ngatjoengi kepel, embokné moering-moering, anaké mbekèsmbekès. Bareng ana ing kamar bolah, ana ing pistan, adja sing disénggol, dirangkoel malah gelem, malah seneng. Poenapa poenika boten nama embahning klintoe?

Jèn para Intellect ingkang djempol, ingkang koemedah-kedah sineboet panoentoening bangsa, sami noeladani poeroen kapantjing ing éblis, poenapa ingkang djentikdjentik boten badé tiroe-tiroe?

Intellect ingkang ngadjengaken dateng djogèd rangkoelan poenika kapantjing ing éblis, dados Intellect bodo, déné Radèn Ajoe ingkang seneng djogèd waoe dados Radèn Awon. Mila dangsah-dangsahan poenika prajogi kaitjalan.

Pak Welas.

VAN LITH-STICHTING

Mangga!! — Mangga!!
SINTEN ingkang
dèrèng dados
CONTRIBUANT
V. L. S.
énggal koela atoeri
loemebet

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict.
Moentilan N. I. S.

PAKARJANIPOEN TANGAN BANDAN KALIJAN TANGAN MARDIKA.

Pakem Katholiek amoelangaken: pradja sing kanggo wong akèh, doedoe wong akèh kanggo pradja! Poenika sampoen genah, djer wontening tijang menang sepoeh timbang pradja; timbang maatschappij. Tetijang sami roeroekoenan poenika soepados betahing oemoem sageda dipoenrembag kalajan tatanan saé.

Margi makaten waoe, tétéla boten teka sadaja-sadaja poenika, kedah pradja ingkang ngawontenaken. Malah jèn saged, sadaja kedah tinandangan ing golongan partikelir.

Dados adeging pradja kedah atetales wawaton ing nginggil.

Sapoenika, ing djaman malaise poenika, wonten jajasanipoen regeering ingkang pantes sinaroewé. Inggih poenika prakawis pakarjan ingkang katindakaken ing para prantéjan salebetipoen wonten koendjara.

Koela kèngetan! Kala koela andatengi Jaarmarkt ing Ngajogjakarta sawatawis kapengker, wonten grija ingkang dipoenserati „Gevangeniswezen." Isinipoen sasadéjan damelanipoen tetijang ing pakoendjaran, awarni kèsèd, tenoenan, lss.

Jèn dipoenmanah lebet, prakawis poenika saged dipoenoeloer kanggé djampi sakedik kalih kedik ing salebetipoen djaman malaise poenika.

Pandjenengan mangertos margi tangan bandan ing salebetipoen hotèl prodéo, Gevangeniswezen saged angladosi: tenoenan, sepatoe, boekoeboekoe seratan, lss. Ing salebeting pakoendjaran, kanti baoenipoen tangan ingkang binanda sasat wonten pabrik sepatoe, pabrik tenoenan, (oegi tenoenan serat-serat, vezelproducten), kleermakerij, damel boekoe-boekoe seratan.

Wedaling sasadéjan saking ngrikoe poenika sanadjan boten kasengadja, mesti kémawon angedjori padagangan partikelir. Sarta sasatipoen, regeering *mendet pakarjanipoen tangan merdika,* kasoekakaken dateng kantja prantéjan.

Koela inggih mangertos, perloenipoen ing salebeting pakoendjaran tetijang kasoekanan pandamelan. Lan koela inggih mangertos, anggènipoen regeering toemindak makaten waoe, mawi wawaton:

1. wis adil baé regeering anjampeti kaboetoehané goepermèn sarana pagawéjané wong-wong prantéjan.

2. Noentoen wong-wong maoe, soepaja bésoek jèn wis mardika, bisa dadi wong sing migoenani toemrap maatschappij. Toehoe alasan bregas! Nanging, . . . langkoeng-langkoeng ing djaman malaise poenika, djamanipoen rekaos pados pandamelan . . . poenapa boten saged regeering kénging pandakwa nedya *nglijer* pagawéjané kaoem partikelir didadèkaké panggaotané nagara nganggo baoe éwon sing tanpa diregani? Poenapa boten saged ginagapan regeering anindakaken *dumping* — politik kados tjara ing nagari Roeslan? Satemah dados boebroeking sasadéjanipoen kaoem dagang ing sadjawining pakoendjaran?

Sampoen tétéla, kanggènipoen wekdal samangké ingkang betahipoen toetoembas katah poenika regeering. Nanging margi regeering saged anjampeti kabetahanipoen sarana baoe ing pakoendjaran, ladjeng boten toembas dateng péhak partikelir. Regeering betah bangkoe? Ambil sadja di gevangenis! Betah sepatoe kanggé militèr lan poelisi? Minta sadja kepada Gevangeniswezen. Betah panganggé koempeni lan poelisi? Minta sadja kepada gedwongen arbeid dalam pendjara, enz. enz.

Toewan *H. J. de Bruijn* wakil Federatie van Middenstandsvereenigingen in Ned. Indië ing Ngajogjakarta, nembé poenika mangsoeli pitakénanipoen regeering babagan daganganipoen kaoem dagang tengahan, soeraosipoen wonten ingkang moengel makaten; „Ing sadjroné pakoendjaran, koedoe ora ana pageng lan pandjang, soepados poen oelam poeroen njaplok. Toemrap poen oelam, pantjing mawi tjatjing kalijan boten poenika boten katah bédanipoen, kalih-kalihipoen njakiti, damel tjilakanipoen.

Ing Bahagia 25 April 1931 sadèrèk Soedarma njrijosaken, bilih golongan Intellect ing Semarang nengenaken djogèd rangkoelan, niroe Holywood. Sadèrèk Soedarma koela alem, déné natjad tindak kados makaten, sarta ngèngetaken welingipoen R. A. Kartini sarta mendet oengel-oengelan saking Prof. Hazeu.

Koela pijambak mastani Intellect (=tijang wasis) kados makaten poenika kapantjing ing éblis. Para maos bokmanawi dèrèng naté métani lampah-lampahing éblis (sétan). Tindakipoen sampoen boten béda kalijan tijang mantjing. Éblis poenika ingkang dipoenangkah nomer satoenggal: tjilakaning soekmanipoen manoengsa. Nanging kerep boten ngeblak, awit jèn ngeblak, boten angsal-angsalan.

Tijang djaler soemerep sémahipoen dipoensénggol ing sanès kanti kirang pasadja, temtoe moeringmoering. Makaten oegi poen sémah, boten lega lila déné wonten tijang koerangadjaran.

Pangraosipoen tijang djaler kalijan

PANGANDIKA DALEM KANGDJENG SANTO BAPA LEO XIII.

I. nerangaken patokan: **Ing saben pradja-negari kénging tan boten kedah wonten pangageng.**

a. Tijang poenika boten saged gesang sesarengan, manawi boten wonten salah satoenggal ingkang mangagengi sarta noentoen sanèssanèsipoen dateng ingkang sami dipoentoedjoe kalijan daja kentjeng, makaten oegi pradja-nagari inggih betah pangageng ingkang ngerèh. Mila boten béda kalijan ing gesang sesarengan, pangageng waoe asalipoen saking kodrating manoengsa dados inggih saking Goesti Allah. (Encycliek: Immortale Dei).

II. nerangaken patokan: bilih **wangoening Pangoewasa loehoer poenika boten kapastèkaken** tegesipoen: saweneh republiek, saweneh katjepeng ing ratoe.

b) wewenang ngerèh poenika pantjènipoen boten kawadjibaken manoet wangoen poenika oetawi poenika, nanging saged milih salah satoenggal, angger kalih-kalihipoen waoe sami mikantoeki dateng tetijang, mikantoeki ing ngatasipoen karahajon oemoem.
(Encycliek: Immortale Dei 1 November 1885).

III. nerangaken patokan, bilih **warni-warni wangoenipoen Pangrèh poenika kabekta saking djamanipoen oetawi wewatekaning bangsa.**

c) Éwa déné ing ngriki sampoen kesoepèn: ing Pradja-nagari poenika nggadahana wangoen kados poenapa, sampoen ladjeng kakinten, manawi poenika badé lestantoen makaten ing salaminipoen kados ingkang dipoenkadjengaken ing sakawit déning ingkang damel wangoen waoe. Namoeng Pasamoewan Soetji saged noeloesaken wangoenipoen kados ing sakawit sarta kénging kapastèkaken badé toeloes doemoegi poengkasaning djaman. Menggahing Pradja-nagari, manoet babad sampoen katatalan kaping atoesan, bilih wewangoenaning Pangrèh éwah. Terkadang éwahipoen namoeng sakedik.[1]) Terkadang éwah babar pisan béda sanget kalijan waoe-waoenipoen, dalasan Pangoewasa ingkang loehoer pijambak oegi kalebet.[2]) (Nawala dateng para Biskop ing tanah Prasman).

[1]) Oepami: waoenipoen kaerèh ing ratoe pijambak, ladjeng mawi dipoenwonteni Tweede Kamer. lsp.

[2]) Oepami waoenipoen kaerèh ing ratoe, ladjeng dados republiek.

O. G. P. Oe.

mitoeroet

Tsjekist Agabekow.

Sarèhné *Roeslan* poenika sapoenikanipoen dados rembag, lan poenika prekawis internasional, ingkang saged noemoesi oegi dateng Indonésia ngriki, milanipoen koela badé ngandaraken sakedik bab kawontenanipoen Roeslan mitoeroet wedaranipoen Tsjekist *Agabekow,* ing pangangkah bokmanawi saged oeroen dados lelandesan sakedik, manawi wonten rembag bab Roeslan oetawi Sovjet.

Agabekow poenika sinten?

Sergejewitsj Agabekow, asli saking tanah Armeni, sewaoenipoen dados hoofdagent-ipoen O.G.P.Oe. kanggé tlatah wétanan, manggèn wonten ing Stamboel (Constantinopel). Ing woelan Djoeli 1930 pers Inggris, Prasman toewin Djerman sami martosaken, jèn Agabekow waoe sampoen minggat késah dateng Paris, margi „djelèh dateng politiking Radenregeering." Pijambakipoen tjrijos, jèn sampoen boten saged neroesaken noeloengi politik, ingkang ngapoesi ra'iat.

Kedjawi Agabekow, sampoen katah ingkang raosipoen kamanoengsan taksih gesang lan ambangkang dateng kakadjenganipoen Sovjet, ingkang soelaja kalijan kamanoengsan. Milanipoen ladjeng trimah medal saking kalangan Sovjet.

Agabekow, nalika taksih dados abdinipoen Sovjet, poenika klenggahanipoen loehoer: dados wedaranipoen boten awoer-awoeran kémawon. Toer anggènipoen medaraken waoe ketingal blaka; lan malih oegi boten soelaja kalijan tjarijosipoen tijang ingkang sampoen naté magepokan kalijan Sovjet, kadosta: Bessedowsky, tilas Oetoesan ing Paris, Milanipoen pantes kaandel.

Tjarijos waoe roemijinipoen dipoenwedar wonten ing s. k. „Posledniji Nowosti" („Kabar ingkang kantoen pijambak"). *„De Tijd"* ngedalaken pertalanipoen tjara Walandi.

Ing ngriki badé koela petik ingkang perloe-perloe kémawon.

Kados-poendi warnining O. G. P. Oe.

Tsjeka („Commissie moergan") ing wiwitaning revolutie kanggé mapras contra-revolutie, mogokan lss. Poenggawanipoen anama: Tsjekist. Ing taoen 1922 Tsjeka waoe angsal nama énggal: O. G. P. Oe.; nanging poenggawanipoen taksih teroes nama Tsjekist.

O.G.P.Oe. poenika tjekakanipoen tetemboengan Roes.; déné tegesipoen (labragan!): „Poentjaking Pangrèh Politik Negari." Wonten ing rantjangan Sovjet babadan poenika kaanggep perloe pijambak. Manggèn wonten ing Moskou. Ingkang njamboet damel wonten 2500; nanging ingkang djan komminist namoeng 1500; déné sanèsipoen saking golonganipoen ném-néman komminist, oetawi boten anggadahi partij. Ingkang dédé komminist namoeng angsal pendamelan sepélé, kadosta: tjarik, ngladosi ambtenaar sanèsipoen lss.

O. G. P. Oe. dipoenpérang-pérang kados ing ngandap poenika:

Contra-Verkennings	afd.	K.R.O.
Buitenlandsche	„	I.N.O.
Geheime	afd.	S.O.
Buitengewone	„	O.O.
Speciale	„	S.P.E.K.O.
Economische	„	E.K.Oe.
Informatie	„	I.N.F.O.
Operatieve (Wétanan)	„	W.O.
Grenswacht	„	P.O.
Administratie-Organisatie	„	A.O.Oe.

Ingkang mangarsani organisasi waoe Menzinski. Nanging tansah sakit. Pandamelanipoen, ingkang nomer satoenggal, ambebadani. O. G.P.Oe. wonten ing C.K. (Centraal Comité). Menzinski gadah wewakil kalih: ingkang nomer satoenggal Jahoda. Sadjanipoen inggih Jahoda poenika ingkang ngemoedèni organisasi. Jahoda mila gadah watak ngerèh, kekadjengan banter, loewesaloes kalijan pengagengipoen, djoelig lan nggasis damel mareming pengageng (Stalin sampoen kesoepèn, lo!); nanging boten gadah tepa-tepa sekedika kémawon kalijan mengsahipoen. Kedjawi dados wewakiling pangarsa O.G.P.Oe. Jahoda taksih dados pangarsaning Geheime saha Operatieve afdeeling.

Pangrèhing O.G.P.Oe. awoedjoed pangarsa; wewakil kalih lan pangarsaning afdeeling-afdeeling. Saben minggoe ngwontenaken parepatan sapisan.

Pendamelanipoen afdeeling warni-warni waoe.

Contra-Verkenningsafdeeling. (K. R. O.) kapatah andjagi telik-telik saking ndjawi lan aksi contra-revolutie. Njoemerepi lan nastitèkaken oetoesan-oetoesan saking ngamantja, srana gadah agent-agent wonten ing ngrika. Agent-agent waoe pinanggih ing poendi-poendi: wonten ing hotèl-hotèl, theater-theater, bioscoop lss. Ing Roeslan pijambak inggih prasasat kebak agent K.R.O.; malah ing babadan oetawi ijasanijasanipoen Sovjet inggih wonten agent. Margi saking katahing agent poenika K. R. O. saged soemerep poenapa ingkang klampahan ing tlatah Sovjet. K. R. O. kapimpin ing Olski, mitra ting kalijan Jahoda. K.R.O. wonten péranganipoen malih warni-warni; nanging sadaja gadah toedjoe ngoelat-oelati, ndjagi, mapras telik-telik. Oepami: kanggé nanggoelang panelikipoen Inggris. Amérika, dipoenwonteni onderafdeeling. Saben onderafdeeling (pérangan ngandap) sami gadah agent pijambak. Nanging agent onderafdeeling satoenggal boten kasoemerepan ing agent onderafdeeling satoenggalipoen.

Geheime afdeeling: (S. O.), kapatah mimpin aksi merangi partij-patij politik, ingkang dados mengsahipoen communisme. Pandamelanipoen pérang-pérangan ngandap inggih makaten oegi. Déné ingkang kapatah merangi agami inggih S.O. oegi Pérangan ngandap no. 6 poenika ingkang merangi poenggawaning agami; sang kasoewoer, Toetskow ingkang mimpin aksi poenika.

Pangarsaning S. O. — Deribas, fanatik, nanging sampoen sepoeh. Minangka gandjaran, kadjoendjoeng dados wewakilipoen pangarsa O. G. P. Oe., nomer 2.

Ekonomische afdeeling: (E.K.Oe.). Ngoelat-ngoelati ijajas-ijasanipoen Sovjet Sarékat babagan industrie, dagang lan financie; njoemerepi lepat nradjang waler ékonomi. Oep. madosi sebabipoen, kénging poenapa kok ada-ada poenika oet. poenika boten saged dados. Merangi telik-telik babagan ékonomi inggih dados betahipoen E.K.Oe. Pangarsa-Prokofiëw.

Informatie afdeeling: (I.N.F.O.). kapatah njoemerepi poenapa ingkang klampahan wonten ing gesang sesrawoengan srana ngwontenaken wadyabala mata-mata peteng. Nindakaké censuur toemrap boekoeboekoe, tetingalan lan sawarnining correspondentie ingkang mlebet. Pangarsanipoen-Aleksejew; roemijin anarchist, nanging ladjeng teloek dados communist. Aleksejew njamboet damel boten margi adjrih, nanging margi ngertos dateng wadjib; éwadéné boten patos kapitados déning pangrèh O. G. P. Oe. Pijambakipoen tansah dipoenoelat-oelati ing wewakilipoen.

Buitengewonen afdeeling: (O.O.) Andjagi dateng wadyabala daratan toewin laoetan. Para commissaris babagan perang lan para instructeur babagan politik sami kawadjiban nglapoeraken poenapa kémawon dateng O. O. Margi makaten O. G. P. Oe. saged soemerep poenapa ingkang dados reraosanipoen para saradadoe toewin matroes. O. O. andjagi oegi dateng wontening teda kanggé bala-tantra poenapadéné bekakas perang. Niti priksa poenapa goedang-goedang kareksa jektos. Pangarsanipoen-Jahoda pijambak, nanging sadjatosipoen ingkang ngoemendiri Olski, pangarsaning K.R.O.

karjan gawé sepatoe, bekakas omah boekoe-boekoe toelisan, baboed, lll.

Moendoering padagangan, ateges mewahi tjatjahing pandji klantoeng. Amila, regeering prajogi sanget manawi manggalih prakawis poenika. Koela pitados, ... rembag poenika dédé rembag gampil. Mila, iba saénipoen manawi regeering toemindak kados oengelipoen Mataram kala 9 April, i.p. soepados regeering ngawontenaken panitya kanggé matitisaken rembag „Gevangenisarbeid."

Manawi temen-temen regeering amerangi soedaning werkloosheid, mangga poenika dipoenajati.

A. S. D.

WAWASAN BOEKOE.

Boekoe ingkang katampi ing Redaksi:

„Serat oeran-oeran sekar matjapat" djilid I kangé sinaoe njekar toewin njekaraken toemrap moerid pamoelangan Djawi ingkang adedasar Katoelik. Mawi aksara Djawi, regi à 20 sèn, ingkang ngarang: Rm. Hardjasasmita. Serat poenika a) isinipoen s a é, amargi ngewrat wosing agami, m i k a n t o e k i toemrap moerid, awit saged sinaoe njekar toer pangertosipoen dateng agami saged mindak, toemrap goeroe a n g g a m p i l a k e n, boten soesah damel pijambak, kanggé wonten ing grija p r a j o g i s a n g e t, katimbang golang-galong mawi temboeng ingkang djenes-djenes.

b) ingkang sadé inggih ingkang ngarang pijambak, dédé drukkerij Canisius. Poenika tanda jèn Dènmas waoe karsa mardika, boten adjrih kapitoenèn.

Djilid II regi 22 sèn. Jèn padjeng katah, djilid III badé katjitak oegi.

Manoet wawangan a, prajogi sanget jèn goeroe-goeroe oetawi para sepoeh moendoet boekoe poenika kanggé ing pamoelangan oetawi ing grija. Manoet wawangan b, prajogi sami moendoet, idep-idep noeloeng bangsanipoen pijambak langkoeng - langkoeng Katoelik.

Kaart en Tekst; Eerste Atlas van **Nederlandsch Indië.**

voor de Indische lagere scholen;
karoempaka déning K. G. Knol
A. J. P. Moereels
C. Lekkerkerker.

regi f 1, 75 kawedalaken déning *Wolters.*

Atlas poenika modèl énggal. Saben kaart ingkang mawi katjirènan nami-namining kita, lèpèn lsp., ing sasisihipoen kasoekanan katerangan tjekak, ingkang njarijosaken: „Tapel-wates, oedjoeng, lèpèn, pamedal lsp."

Poenika tjekak aos, boten kekatahen sanget, namoeng kapendet saperloenipoen Déné ing soewalikipoen wonten „blinde kaart" (kaart tanpa tjiri, tanpa kinanténan nami-namining kita lsp), poenapa déné ing sasisihipoen kasoekanan pitakèn-pitakèn ingkang perloe-perloe. Oepami: „endi tapel watesé? ngaranana goenoeng-goenoengé? lsp. Poenika anggampilaken sanget pasinaonipoen para moerid. Kaart sadaja goenggoeng koempoel wonten 38.: „Tanah Djawi, Soematra, tjekak sa Noesantara lan kanan-kéringing India Nederand. Margi sepoer, margi tijang, dalasan margi montor maboer pisan kagambar tjeta. Tjekak „Kaart-gagrag-énggal" njenengaken, manawi kanggé pangkat 4, 5, lan 6 ing pamoelangan ngandap, H.I.S. wah sampoen tjes pleng.

Wonten émanipoen sakedik, déné ing Atlas babaran Énggal poenika b a n g s a lan b a s a saha kamadjenganing bangsa boten karembag babar pisan, poenapa déné pamoelangan-pamoelangan ingkang radi inggil boten kadoemoek namanipoen kanti tjeta. Saoepami basa lan bangsa karembaga, saha pamoelangan loehoer kadoemoek naminipoen, Atlas-Énggal saged mindak adjinipoen; awit prakawis kaseboet saged andjembaraken kawroehipoen laré-laré, poenapa déné manawi laré maos naminipoen pamoelangan loehoer, poenika saged oegi dados panarik, saged noekoelaken gagasanipoen badé ngladjengaken pasinaonipoen. Déné bokmanawi Atlas mangké ladjeng karowanen sanget, langkoeng prajogi, manawi katahing oedjoeng, lèpèn, redi, kasoedaa, kasantoenana prakawis b a n g s a lan b a s a, saha pamoelangan loehoer; awit poenika langkoeng maédahi katimbang oedjoeng, pongol lsp.

Éman malih, déné basanipoen mligi basa Walandi; pamoedji koela: moegi kadjawèkna ing basa Djawi oetawi Melajoe, moerih sageda oegi moerakabi pamoelangan andap ingkang mawi basa Djawi lan Melajoe.

Dr. G. J. Nieuwenhuis en H.P. van der Laak. Nederlandsch Taalboek.

D. III A. en B. Uitg. J. B. Wolters, Batavia C.—à f 0,65.*).

Hoewel deze beide deeltjes bij het eerste doorbladeren moeilijk schrijven voor den gemiddelden leerling van een 4e. klas der H. I. S., geloof ik toch, dat een school, die van de eerste klas af met de methode „Nieuwenhuis" is begonnen, zonder vrees deze beide deeltjes op de 4e. klas kan gebruiken.

Zij bevatten een schat van taalstaf, een grooten rijkdom aan woorden en uitdrukkingen en zinsvormen, die den makers alle eer aandoet. Tevergeefs zal men er in zoeken verouderde woorden en uitdrukkingen of duffe „boekentaal." Het kind leert er gaandeweg de taal in verstaan waar alles is eveneens dienstbaar gemaakt aan de actieve taalbeheersching. Dit stuk „taalschat" den leerlingen van een 4e. klas H.I.S. bijbrengen, zoo dat zij het op kindelijke wijze actief beheerschen, lijkt wij echter bijna onmogelijk. Een ieder, die op hoogere klassen van een H.I.S. en zelfs op de Mulo les gegeven heeft, weet wat een geduld en toewijding er noodig zijn, om de leerlingen naast een zuivere uitspaak de practische beheersching der taal in haar eenvoudigste vormen bij te brengen. Deze boekjes evenwel bieden én den leerling én den onderwijzer daartoe een uitstekend hulpmiddel. Het kind vindt er in een leer- en repetitie boek; de ondewijzer een practische, keurige verzameling frissche oefeningen, vol afwisseling, elk op zich zelf aangepast aan het vermogen van een kind. Deze serie-oefeningen gevolgd door de latere deeltjes, die nog zullen verschijnen, met ijver en toewijding onderwezen, zullen het mogelijk maken, dat de H.I.S. aan haar doel,—der kinderen een aan hun leeftijd passende kennis van de Nederl. Taal bij te brengen, beantwoordt.

Wij wenschen deze boekjes een ruime verspreiding.

D.

*) Kita matjak wawasan boekoe mawi basa Wlandi, awit poenika kados langkoeng matoek kalijan toedjoenipoen. Red.

NGLEBETI NORMAALSCHOOL.

Ngatoeri pirsa bilih: „Toelatingsexamen" kanggé Normaalschool èstri ing Ambarawa béndjing tanggal 28 lan 29 Mèi 1931. Sinten ingkang badé nglebeti, kénging njipeng wonten ing Zusteran.

Meisjes - Normaalschool.
ZUSTERS FRANCISCANESSEN.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

VATICAAN. — *K. S. Bapa inggih menggalih dateng kasangsaran ing Nicaragua. (Amerika Tengah).* Ing Nicaragua wonten lindoe ageng, ngantos katah grija-grija ingkang risak, toewin katah sanget tijang ingkang ketiwasan (pedjah, ketaton oetawi kétjalan grija lss.). K.S. Bapa ngraos kasangsaran kados makaten poenika. Kados roemijin sampoen karsa paring dana kanggé kasangsaran Merapi, makaten oegi sapoenika sampoen oeroen dana kanggé kasangsaran waoe, mawi dipoenkantèni tanda labet soengkawa dateng présidèn ing Nicaragua.

— *College Propaganda énggal.* Ing woelan kapengker poenika College énggal, ingkang doemoenoeng ing goemoek Janiculus (ing kita Roem), sampoen kabarkahan. College poenika seminari-nipoen Propaganda de Fide. Saben bangsa kénging njekolahaken mrikoe. Lan sapoenikanipoen inggih sampoen wonten bangsa warni-warni. Nalika barkahan ingkang rawoeh: Em. Kardinaal Pacelli, ingkang makili K. S. Bapa; Em. Kardinaal van Rossum, Pangarsanipoen Propaganda de Fide; inggih pandjenenganipoen ingkang nindakaken lampahing mberkahi waoe. Taksih katah tamoe sanèsipoen: Para Kardinaal, para Biskop lss.

INDONESIA. — *Grédja Katoelik énggal ing Tjiandjoer.* Margi saking tlatosipoen Rama J.J. Hoevenaars lan milining dana saking Djawi — Kilèn, — Tengah lan — Wétan, Tjiandjoer sapoenika sampoen mangkoe Grédja Katoelik satoenggal. Adeging Grédja poenika mratandani kandeling pitadosipoen para sadèrèk Katoelik: sanadjan malaise, meksa awèh dana kanggo ngedegaké Grédja! Poenika tindak Katoelik!

— *Grija sakit Katoelik „St. Carolus" ing Djakarta lan „Onder de Bogen" ing Mataram.* Kalih-kalihipoen sami tjinepeng ing Soester-Soester toenggil sagotrah. Bab ngladosi tijang sakit Soester-Soester poenika sampoen kasoewoer, „St. Carolus", margi saking katahing tijang ingkang kapéngin ngoengsi mrikoe, kapeksa ngelar papan, „Onder de Bogen, margi saking malaise, andjamani: ngedakaken taripipoen, soepados sageda katah ingkang dipoentoeloengi.

— **TENTOONSTELING ING SOERAKARTA.** Saking ada-adanipoen pakempalan K. S. B. lan pakempalan sanès-sanèsipoen, kalebet oegi Wanita Katoelik ing Soerakata saèstoe kawontenaken tentoonstelling barang-barang padamelanipoen sadèrèk Wanita. Manggèn ing Katholieke Europeesche School. Ingkang sami merlokaken dateng makaten oegi sami moendoet katah sanget. Tentoonstelling waoe langkoeng saé lan langkoeng ramé tinimbang ingkang sampoen². Makaten oegi anggènipoen ngregèni barang langkoeng mangertos tinimbang ingkang sampoen. Dados boten kamirahen. Sadaja angsal-angsalanipoen tentoonstelling waoe kadanakaken kanggé Grédja énggal ing Solo.

DJEPAN. *Pers Katoelik ing Djepan.* Ingkang nomer satoenggal i.p. *„Catholic Times"!* Mila sampoen kasoewoer! Sapoenika sampoen dipoenlijer ing Poesara Pakempalan Pers Katoelik ing archidiocees Tokio, lan ladjeng angsal nama énggal: *„Nippon Shinbun"* (Serat kabar Katoelik ing Djepan).

„Koe" (Swara Katoelik), serat kabar woelanan gampil-gampilan, dipoenpimpin ing Rama Pransman, Lemoine lan Rama Djepan, Iwashita; oplaag langkoeng saking 3.000. Serat kabar woelanan sanès: *„Katorik"*; redaksi: Imam-Imam Katoelik Djepan lan mantja; oplaag 1.300; atoesan dipoenkintoenaken dateng universiteit-universiteit, sekolahan Tengahan lan dateng bibliotheek-bibliotheek kanti gratis. *„Katorik"* poenika wetenschappelijk; dipoenaosi sanget boten namoeng wonten salebeting golongan Katoelik, nanging ing djawi oegi.

Kedjawi poenika taksih wonten malih, kadosta: *„Khitsuji"* (Tjempéning Allah) *„Komyo"* (Pepadang) lss.

Congregatie Djepan énggal. K. Biskop ing Nagasaki, Mgr. J. Hayasaka, sampoen ijasa Congregatie Soester Djepan, ingkang pandamelanipoen badé anggoela-wentah némnéman Djepan èstri. Soester kalih dateng negari Parangakik perloe noviciaat wonten ing ngrika. Déné sanèsipoen bokmanawi dateng Amerika Sarékat, perloenipoen inggih sami. (Fides).

— **TIONGKOK.** *Tjatjahing Biskop Tionghwa wewah malih.* Sampoen kadjoendjoeng dados Vicaris Apostolis ing Pastingfu (Hopei) Pater Josi Chow, saking gotrah Lazarist. Vicariaat Pastingfu poenika waoenipoen dados sesanggènipoen gotrah Lazarist ing provincie Walandi lan Prasman. Nanging saladjenipoen badé katjepeng ing poenggawaning Pasamoean Soetji priboemi.

Kedjawi poenika oegi sampoen kadjoendjoeng dados Coadjistoripoen Vicaris Apostolis ing Canbon, pandjenenganipoen Bonifatius Yeung, satoenggiling Imam barès, bawahan Vicariaat Canton.

Dados sapoenika tjatjahing Biskop Tiong hoa wonten 13.

INGGRIS. *Margi modern kanggé mijaraken agami.* Ingkang sampoen toemindak, lan kala semanten sampoen kawastanan modern, inggih poenika moelang agami wonten ing radinan oetawi aloen-aloen, blak-blakan kémawon, kadosta ing kita London. Sapoenika para Pater Jezuïet ing kita Edinburg sami manggih margi modern malih kanggé mijaraken agami. Ing djaman sapoenika katah tijang, dédé Katoelik, sami mlebet Grédja, katarik saking kepénginipoen ningali oetawi mirengaken barang saé oetawi énggal. (Pepénginan kados makaten poenika mila maton, awit Grédja-Grédja Katoelik, langkoeg-langkoeng ingkang kina, poenika ingkang katah isi barang saé-saé). Ingkang poenika para Pater waoe ladjeng nèmplèki kori-korining Grédja mawi oengeloengelan, ingkang soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

„Katoer doemateng para prijantoen dédé Katoelik ingkang karsa rawoeh mriki!

Grédja poenika gadahanipoen golonganing tijang kristen, ingkang sadjagad ageng pijambak: tjatjahing warga langkoeng saking 360 mlijoen. Agaminipoen, ingkang dipoenwoelangaken ing ngriki, poenika sami kalijan ingkang dipoenwoelangaken ing Grédja-Grédja sadaja ing tanah ngriki nalika dèrèng wonten „hervorming" (piwoelangan énggal). Moegi para prijantoen wonten ing Grédja ngriki kantia hormat, amargi Goesti Jésoes Kristoes wonten ing salebeting Tabernakel, i.p. nginggil altar-ageng. Retja-retja ingkang ketingal poenika boten dipoensembah-sembah kados brahala, nanging anggadahi teges sami kalijan potrètpotrèt, tanda pangémoet-émoet mitra-mitra oetawi sanak sadèrèk pandjenengan. Sampoen ngandel dateng tjetjrijosan anèh-anèh bab golongan Katoelik. Prakawis anèh kados makaten poenika rak inggih mokal sagedipoen kalampahan ing tijang 360 mlijoen waoe, toer ingkang koewasisanipoen misoewoer sadjagad djaler-èstri inggih katah sanget. Jèn pandjenengan boten sembrana poenapa déné djoedjoer ing panggalih, mesti inggih badé kagoengan pamanggih ingkang boten mawi éwang-éwangan, lan mesti inggih badé mirengaken dateng atoeripoen kalih-kalihipoen! Bibliotheek kita gadah boekoe 15000. Poenika sadaja kasoedijakaken lan badé njaosi katerangan-katerangan ingkang kapoendoet. Jèn wonten poendoetan poenapa-poenapa, Leesgezelschap Katoelik, ingkang badé ngleksanani. Sadèrèk Katoelik limrah (leek) ingkang badé mangsoeli pamoendoetan pirsa pandjenengan. Asma pandjenengan boten badé kawedaraken."

Tjobi, oengel-oengelan ing *nginggil* poenika kapilah-pilaha pijambak, saja jèn ngémoeti kawontenanipoen tijang Inggris, mangké rak tjes-pleng!

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI

PEKEN PANDAMELAN SAJA SESAK.

Sampoen andoengkap toetoepan taoen sakolah. Malah inggih sampoen wonten sakolahan-sakolahan tengahan ingkang liboer....

Saben taoen kita bingah déné bangsa kita, anak kita, ingkang petjah nalaripoen mindak katah. Boten trimah dasanan, atoesan, kepara malah éwon, dasanan èwoe! Tjalon tijang sepoeh, tjalon ingkang anggentosi kita, sampoen pating glidrah, toer isinipoen, langkoeng mentes tinimbang bapak lan embahipoen. Sinten ingkang boten roemaos ageng ing manah?

Nanging,... salebetipoen bingah inggih wonten ingkang damel nggeging manah. Saben taoen tansah mindak-mindak wedaling laré saking sakolahan andap lan tengahan. Ateges: angindakaken tjatjahing pandji klantoeng! Lan, poenika dédé prakawis sapélé. Boten prakawis rèmèh. Kedah dados pamanahanipoen paréntah toewin pakempalan-pakempalan. Langkoeng-langkoeng pakempalan toenggil damel; pakempalan sosial.

Koela kèngetan! Kala woelan Maart, Minister van Staat, Minister van Binnenlandsche Zaken, lan Landbouw ing nagari Walandi, njebar serat wara-wara dateng pangrèhing gemeente. Wara-wara waoe makaten soeraosipoen:

„Prakara kang koedoe digatèkaké ing djaman pandji klantoeng iki, jaikoe remboeg ananing para nonoman kang ora olèh pagawéjan! Ing djaman iki, akèh botjah kang ora bisa matengaké lah ngetjakaké woelangan kang woes dipilih! Akèh banget sing bandjoer dadi mantri-ngoekoer-dalan, gloejoeran mranamréné.

Wis mesti baé prakara iki agawé soesahing ati. Ora moeng botjahé baé sing prihatin. Djagad pasrawoengan ija bisa kedajan alaning kadadéjané botjah-botjah kang pada kloejoeran maoe! Regeering mangajoe-bagja banget, manawa pangrèhing gemeente angremboeg lan merangi prakara iki, babarengan karo pakoempoelan-pakoempoelan toenggal gawé, pakoempoelan-pakoempoelané para nonoman lan pakoempoelan-pakoempoelan lijané. Saranané, sing adakan nganani toentoenan babagan kaprigelan tangan (handenarbeid), oetawa toentoenan-toentoenan kang tjotjog karo sakolahané botjah-botjah maoe. Rantjangané prakara iki mesti baé goemantoeng ana sidji-sidjining panggonan. Manawa ana gemeente kang bakal anindakaké prakara iki regeering bakal awèh subsidie ing sakadaré."

Makaten soeraosing serat warawara dateng gemeentebesturen ing nagari Walandi.

Sanadjan wara-wara waoe toemoedjoe dateng gemeente-bestuur ing Nederland, éwadéné soeraosipoen pantes oegi dipoen-gatosaken ing saben tijang, poenapadéné babadan-babadanipoen regeering ing Indonesia.

Indische regeering inggih sampoen manah prakawis pandji klantoeng. Poenika katitik saking wontenipoen Werkloozen-Comité. Nanging, kita mangertos komité poenika waoe namoeng angemoeli golonganipoen pijambak, i.p. bangsa Eropa. Pandji klantoeng bangsa kita (sasat) dipoenkiwakaken.

Koela mireng ing Mataram wonten komité ingkang nedya toetoeloeng kantja pandji klantoeng. Ingkang ada-ada sadèrèk Drijawangsa, lss. saking kalangan P. S. I. Salebetipoen woelan Mei poenika, komité waoe badé ngawontenaken parepatan oemoem. Anetepaken: rantjangan-rantjangan lan dasar-dasaripoen ingkang ladjeng badé kasebaraken dateng satanah Indonesia.

Manawi kabar poenika temen, mangga prajogi ladjeng dipoensantosakaken. Dipoenangkat tijang katah, dipoenpikoel pakempalan-pakempalan warni-warni saking pinten-pinten golongan. Sageda langkoeng mitajani; langkoeng kekah adegipoen. Langkoeng santosa lan pikolèh tandangipoen!

Mangsoeli prakawis pangreksa dateng laré-laré (nénéman) wedalan sakolahan ingkang sami dados pandji klantoeng waoe. Sampoen tétéla nganggoer poenika amoetawatosi toemrap badanipoen pijambak lan pasrawoengan.

Saoepami, djagad goeroe angetog daja sasarengan kalijan pangageng lan pakempalan-pakempalan, a n g r e k s a dateng nénéman kita sampoen ngantos keladjeng-ladjeng anggènipoen dados koerbaning nganggoer, iba saénipoen. Sokoer bagé saged atoetoeloeng madosaken oetawi njoekani pandamelan. Saged a n g l i p o e r salebetipoen sami nganggoer soepados boten risak kabatosanipoen, poenika sampoen pitoeloeng ageng.

Koela mendet tjonto: ing Amsterdam. D e T i j d njarijosaken: gemeente ing ngrikoe badé njoekani toentoenan babagan salah satoenggiling prakawis (vakopleiding) dateng para pandji klantoeng ingkang oemoeripoen 18 — 25 taoen, kanggé ing wekdal salebetipoen nénéman waoe dèrèng pikantoek pandamelan. Perloenipoen sampoen ngantos para moeda waoe margi anggènipoen nganggoer, keladjeng risak kabatosanipoen.

Kadjawi poenika, perloe koela tjatet ing ngriki, gotrah Katoelik ing nagari Walandi inggih sampoen kepara lami anandangi prakawis poenika. Dados sadèrèngipoen wonten wara-wara saking négari kados ingkang kaseboet ing nginggil. Poenika mratjihnani: waskita, tengèn, awas, moelat!

Sapoenika ladjeng wonten pitakénan: „Apa ora bisa ing Indonesia ana ada-ada mangkono? Apa ora bisa P. G. H. B. anandangi prakara iki? Apa ora bisa K. W., angreksa kasoesilané para anom kang lagi disobat karo si nganggoer?"

Pitakénan poenika koela pasrahaken dateng djagad goeroe; dateng wandawa Katholiek; dateng pakempalan-pakempalan, ing Indonesia. Sinten karsa anglanggati?

Kumuningsaselé 3 Mei '31.
Taklim: *Patjar Mérah.*

Kagem poetra pandjenengan! Koela atoeri moendoetaken:

HOEDYANA

Koran waosan laré. Medal sawoelan kaping kalih. Basa Djawi aksara Djawi lan Latin. Awangoen boekoe rinengga ing gambar.

Regi namoeng
f 0,50
tigang woelan.

Adres:
Administratie: Bloediran
Redaksi: Poerwokinanti
Djokja.

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

PERSAUDARAAN AWOH.

Ing wekdal poenika pakempalan Persaudaraan ingkang roemijin sampoen naté dados rembag wonten ing Swara Tama ngriki, sampoen saged mitoeloengi dateng para warganipoen sarana lampah njamboeti jatra, ingkang pranataning anakan lan tjitjilanipoen majar sanget. Kala tanggal 3 Mei ingkang kapengker sampoen wonten warga 11 (sawelas) ingkang angsal pitoeloengan.

Pamoedji kita moegi majaring anakan lan tjitjilan poenika dadosa d j a m p i: liripoen: sampoen kok malah noemanaken njamboet, nanging noeloengana, soepados para warga (oetawi ingkang dipoentoeloengi) é n g g a l s a g e d a madeg pribadi, t a n p a m a w i n j a m b o e t. Oeger makaten ékonomi badé madeg. (H.)

Pangarsa Raad Kawoela.

Sri Nata Wilhelmina, amisoeda t. M e y e r R a n n e f t, pangarsa

CORRESPONDENTIE.

— *Kanggé kasangsaran Merapi:* saking Volkschool Daratan — f 1,25.

— *Abn. 61,* kanggé taoen 1930 sapoenika sampoen sah. Jèn badé ngesahi kwt. I lan II taoen '31, sapoenika taksih kirang f 0,50. saking *Adm.*

Karangan-karangan ingkang sampoen katampi i. p. saking *Hercules, Tjarik pem., Andaja,* D. S. Teoneow, lan K. W. Bara. Matoer noewoen!

— K. W. Bara, sarèhné kasèp, minggoe ngadjeng kémawon. saking *Red.*

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA	BANDOENG
Telf. 252	Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Mangga moempoeng mirah mekaten.

Sepiritus kanggé lampoe, 94%; sa-blèg à 18 liter F 3,50.
Schellak, garing, 1 Kilo . . . . . „ 2,75.
Caurticsoda, sa-drum à 50 kilo . . . „ 11,50.
Copallak; sa-blèg à 10 kilo . . . . „ 12,50.
Zinkwit Maastricht, zegel abrit; sa-tong à 50 kilo „ 23,—.
„ „ „ „ „ à 100 „ „ 25,—.

Kedjawi poenika: idjem cromaat sepoeh, djené cromaat nèm, ch. z. loodmenie, ijzermenie mawi ijzeroxijde 85 doemoegi 90%, oker djené lan sawo mateng, tjemeng Zweden, driebandzwart, sikat-sikat, penoeli-penoeli, séla kambang Éropah, rempelas dlantjang lss.
Ngoentoengaken sanget kanggé para Aannemer lan para kilak.

Verffabriek R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja

ERCEE

Recept²

APOTHEKEN
Rathkamp & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO DJOEN & Co.
TELEFOON No. 374.
PATJINAN — DJOCJA.

KITA POENJA ROTIE JANG DIE TOEMBOOK PAKEE
KNEEDMACHINE
DENGAN TENAGANJA
ELECTRISCH
TENTOE PALING
DJEMPOL
SILAHKEN BIKIN PERTJOBAÄN
Memoedjiken dengen hormat
DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda-speda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:
Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Raad Kawoela sapoenika dados pangarsaning Raad Kawoela malih kanggé taoen 31 — 35.

Malaise rampoeng?

Mitoeroet wawasaning tijang-tijang pinter ing salebetipoen djagad dagang, awawaton statistiek, sapoenika poenika krisis sampoen doemoegi dasar ingkang ngandap pijambak. Tegesipoen: tjatetan reregèn sampoen doemoegi ingkang andap pijambak (minimum), ngantos mitoeroet èlmoe ékonomi ladjeng andoengkap badé telasing malaise.

Inggih leres poenika waoe boten saged waloeja sami sakala, nanging manawi reregèn waoe boten saja mengandap, sampoen pantog, poen peken badé ramé malih. Poelihipoen badé saking sakedik!
(Bint. Timoer).

P. P. P. K. I.

Tanggal 3 Mei, ing sadaja panggénan ingkang wonten pakempalanipoen politik ingkang manoenggal wonten P. P. P. K. I., sami ngawontenaken parepatan oemoem, perloe anglairaken boten tjotjogipoen kalijan poetoesanipoen Justitie ingkang doemawah ing panoentoenipoen P. N. I. kados ingkang kaseboet ing Sw. T. minggoe kapengker.

Lotré ageng.

Panggebagipoen lotré ageng, bèndjing 19 Mei, wonten Djakarta.

Goepernoer Djawi Wétan.

G. H. de Man.

Ingkang kaangkat dados goepernoer ing Djawi Wétan pandjenenganipoen t. G. H. de Man.

Komisi Balé Agoeng.

Wonten ing konprènsinipoen para Zelfbestuur ing tanah Kedjawèn nembé poenika, kadjawi sanès-sanès, ngawontenaken komisi kanggé matitisaken sadaja motie babagan Balé Agoeng, perloenipoen sageda njaosi soesoeloeh dateng para pandjenengan nata lan adipati ing tanah Kedjawèn.

Pandjanmanipoen P. N. I.

Manoet tjarijosipoen Bintang Timoer, sasampoenipoen para panoentoen anetepaken pedjahipoen P. N. I., ladjeng kala Setoe 25 April (malem Ngahad sami ngedegaken komité kanggé ngedegaken pakempalan énggal. Warganing komité waoe sadèrèk Angronsoedirdja, Soewirja, Manadi, Soekèmi lan Mr. Sartana. Sakedap malih badé ngawontenaken parepatan oemoem, kadjawi sanès-sanès angrembag oegi prakawis Statuten toewin Huishoudelijk Reglement-ipoen parté énggal waoe.

Dados sampoen njata, panggajoeh dateng mardikanipoen tanah ngriki boten pedjah déning pedjahipoen P. N. I.

N. V. Bank Nasional Indonesia,

Madjeng.

Manoet jaarverslag, Bank adaadanipoenpara pangandjoer kabangsan ing Soerabaja, katingal madjeng. Saged doendoem babatèn 6½%, Arta ingkang katitipaken wonten 1½ ton.

Wiwit awaling taoen 1930 doemoegi akiring taoen 1930, jatra ingkang kalampahaken pinangkanipoen saking aandeelhouders lss. wonten f 220.830,33.

Anakanipoen anggènipoen nglampahaken arta waoe,
kirang saking f 1000: 20% setaoen.
f 1000 — f 5000 18% „
f 5000 doemoegi f 10.000: 15% „
langkoeng saking f 10.000: 12% „

Anakaning samboetan ingkang dipoenkijataken sarana hypoteek: 7½—15%.

Ing salebetipoen sataoen Bank waoe njamboetaken arta f 309.258,13; poenika ingkang sampoen wangsoel f 111.711,32.

Kaseboet ing dalem verslag waoe, margi moendoering padagangan, katawis bilih maatschappij ing ngriki mindak anggènipoen gadah kabetahan njamboet (credietbehoefte).

H. I. O. Commissie.

Kabibaraken.

Kabar saking Bogor nerangaken awit saking panjoewoenipoen H. I. O. C. rèhné kawadjiban ingkang kapikoelaken sampoen rampoeng, H. I. O. C. ladjeng kabibaraken,

Wangsoelanipoen Paréntah.

Toemrap pangiridan.

Wonten parepatan Volksraad Djoemoewah 24 April, wakil paréntah t. t. Van den Bussche (direktoer Financiën) mratélakaken: paréntah inggih migatosaken rembagipoen Volksraad. Nagari badé angekahi karsanipoen anjoeda bajaring para poenggawa. Ihtijar² énggal toemrap pangiridan ingkang kaadjengaken ing Volksraad kapanggalih. Pambajaripoen dateng ambtenaar kadawahaken kantoen sasampoenipoen njamboet damel. (achteruitbetaling) poenika regeering temenipoen amranggoeli rekaos lan kawratan pinten-pinten.

Prakawis voorschot wiwit taoen 1932 badé mawi sareman. Rembag babagan uitvoerrechten sata lan lisah boten saged katindakaken.

Prakawis ngindakaken prabéja mlebet dados pamanahan ageng toemrap regeering, semanten oegi prakawis prabéja mlebet kanggé wos mantja nagari ingkang ingakenan ing regeering pantes manawi katitipriksa.

Prakawis wontening rembag njamboet 200 mlijoen poenika sampoen kénging kanggé titikan rekaosipoen nagari. Pitakénan sapinten sagedipoen njamboet, boten saged kawangsoelan. Nanging saja katah anggènipoen njamboet kanggé gewone dienst, inggih badé saja rekaos, lan pradjangdjianipoen saja boten sakétja. Margi sampoen tangglbilih inkom seten tjalonipoen andapamila tjara angindakaken samboetan poenika, boten saé. Regeering kedah gadah kaantepan samboetan ingkang tjalonipoen boten saged damel oentoengipoen nagari, poenika tetep nama pitoena, amila sasaged-saged kedah kawatesan sanget.

Sapoenika kémawon regeering kedah saged njoedijani arta 90 mlijoen kanggé nitjil lan njaremi samboetan. Ngindakaken arta kertas inggih boten saged, poenika soelaja kalijan wètipoen Javasche Bank, toer boten badé saged atoetoeloeng, amargi inggih kedah amangsoelaken arta slaka ingkang doegi-doegi sami, dateng Javasche Bank.

Mendet f 10 mlijoen saking muntfonds inggih boten saged. Mila motie-Stokvis prakawis poenika inggih boten saged kinaboelaken.

Soedan blandja poenika pinanggih wonten poendi-poendi, oep. Bèlgi, Djerman, Australië, Inggris, Itali, Sijem, . . lan sadaja waoe kanggé njaèkaken ékonomining nagari.

Wadjibing nagari ingkang nomer satoenggal angreksa kabetahan oemoem. Mangka algemeen belang sapoenika neda soepados bajaripoen para ambtenaar dipoensoeda. Prakawis panjaroewé déné badé toemindak makaten regeering kok boten sarembag roemijin kalijan vakvereenigingen poenika, margi sadèrèngipoen mila sampoen mangertos badé pamanggihipoen vakvereenigingen waoe, mesti noelak, mila inggih ladjeng boten sarembag boten barang. Lan regeering inggih boten maiben déné ladjeng toewoeh protest. Poenika sampoen mèmper, tijang blandja dipoenkirangi!

Wakil paréntah anetepaken saoepami pandjenenganipoen dados panoentoening vakvereeniging bokmanawi inggih badé gadah pamanggih ingkang sami kalijan pamanggihipoen vakvereenigingen ing sapoenika, t. Van den Bussche martélakaken éwah-éwahanipoen blandja kala wekdal saé, malah sampoen naté wonten pensioenverhooging 40%.

Regeering boten notjogi panganggep soedan bajar poenika saminipoen njamboet ingkang ing béndjing kedah mangsoelaken. Pamanggih poenika anedahaken bilih pantjèn saged kasoeda. Motie-Kies soepados soedan bajar kaanggé saking sakedik boten oedjoeg-oedjoeg 5%, boten sinaroedjoekaken ing paréntah.

Politik badé ngindakaken samboetan, namoeng kanggé soepados boten katjowok bajaripoen poenika kanamakaken „defaitisme van de slechtste soort" „patrap pangrisak awon pijambak kaanggé ngrisak pangawasaning nagari". (Voorzitter Volksraad boten narimahaken panganggepipoen wakil paréntah ingkang makaten waoe, sarta wakil paréntah inggih ladjeng njamboet basanipoen poen. Kala voorzitter njaroewé wakil paréntah poenika, tetijanng ing publieke tribune keplok ramé, ingkang ladjeng kaèngetaken ing pangarsa sampoen ngantos dipoenkaping kalih.)

Wakil paréntah babagan Oorlog t. litnan-djéndral Cramer mratélakaken boten leres manawi nganggep Marine lan Oorlog kesekediken anggènipoen nindakaken pangiridan. Awit ing taoen 1934 pérangan oorlog kémawon wonten pangiridan 11 mlijoen. Regeering boten badé mangsoeli anggenahaken dateng tijang ingkang gadah pamanggih bilih arta ingkang toemandja kanggé barisan wadyabala poenika saminipoen arta kaboetjal. Regeering boten ngakeni bilih krisis ékonomi saged anjegah oet. mékani wontening perang. (De regeering ontkent dat de economische deppressie oorlogen zou kunnen voorkomen.) Katjarpratélakaken: poenggawa kanggé M. G. D. badé dipoenringkes. Pangiridaning Oorlog ing taoen 1931 poenika sapoenika sampoen wonten 4 mlijoen. Ing saladjengipoen ing pérangan waoe inggih badé ngirid-irid.

Wakil nagari pérangan Justitie, t. mr. J. J. Schrieke, mratélakaken ing sasaged-saged badé ngatahi oekoem dendan sarta angirangi oekoem koendjara Huurcommissie saweg njinaoe poenapa saged anjoeda séwan.

Wakil nagari, pérangan B. B., Mühlenfeld, mratélakaken perloe sanget njarantosaken sedya angindaki tjatjahing poenggawa. Pangiridan ing salebetipoen poelisi, badé katindakaken kanti pangatos-atos. Pangiridan ing kalangan poenika, tjalonipoen 2.100.000. roepijah.

Wakil paréntah babagan Onderwijs, t. dr. Schrieke, mratélakaken pangiridan subsidie taksih dados pamanahan, samanten oegi prakawis Fröbel-kweekschool. Tansah kaangkah kanti sanget soepados boten kekatahen pindah-pindahan ing salebetipoen kalangan goeroe-goeroe bangsa Indonesia, sarana sasaged-saged amapanaken goeroe waoe wonten kalairanipoen ingkang soewaoe. Sagedipoen tetijang ing ngriki sadaja saged maos lan njerat, poenika saking pangintenipoen dr. Schrieke béndjing 167 taoen malih. Regeering inggih gela sanget déné kepeksa ngirid babagan onderwijs. Regeering angekahi boten angindaki W. L. O. Oegi boten badé jasa sakolahan Kilénan énggal, samanten oegi ingkang kanggé golongan Tionghoa. Prakawis instituut-Kats, kapratélakaken: koersoes poenika boten ateges salaminipoen badé wonten. Koersoes poenika waoe nama tambel betah, oet. noodopleiding, kanggé pasinaonipoen goeroe-goeroe basa Priboemi; dados boten kanggé ngindakaken poenggawa, nanging kanggé ngindakaken seserepanipoen goeroe-goeroe ingkang sapoenika. Mila motie ingkang anggondèli lestantoening instituut waoe, boten saged kinaboelaken. Pamanggihipoen regeering, ambachtsonderwijs kedah kamanah saèstoe. Mila ragad-ragadipoen ingkang namoeng sakedik poenika inggih boten dipoenitjali, namoeng kasoeda kémawon. Lan, inggih sagah amangsoelaken soedan poenika waoe.

Wakil regeering babagan Tatanèn, toewan Middelaer, mratélakaken preloenipoen wonten pangiridan ing prakawis poenika. Anggènipoen boten ngindakaken ambtenaren kanggé landbouwvoorlichting poenika boten nama bezuiniging ingkang keras, semanten waoe manawi ngèngeti boten kok sadaja-sadaja boten kaindakaken. Wontening stapelplaats énggal toewin railbanen énggal, kamanah perloe. Landbouwconsulenten dipoen-gantos adjoeng, inggih boten toemindak.

Wakil regeering babagan B. O. W., t. Van Buren, mratélakaken bezuiniging ing kalangan irrigatie boten sapintena. Regeering boten saged anglijeraken sadaja pandamelan ingkang kapikoelaken ing B. O. W. ing tanah Djawi dateng propinsi.

MAMTJA NAGARI.

PORTEGAL.

Kawontenan ing ngriki inggih boten lerem. Ing Madeira wonten kraman.

HONDURAS.

Ing Honduras inggih wonten kraman.

ATOER PANOEWOEN.

Lantaran *Swara Tama* ingkang sanget koela tresnani poenika, koela pangantèn kakalih, ngatoeraken genging *panoewoen*, dateng:

para sadèrèk ingkang sami andjenengi; saha ingkang paring poedji wiloedjeng—sarana serat toewin tilgram—idjab koela ing dinten Ngahad 3 Mei 1931. Semanten oegi dateng para kadang ingkang sampoen kapareng paring tanda katresnan.

Mataram 5 Mei 1931.
C. Soeratal Sastrasoebrata.
C. Sapartinah.

MANGGA SAMI NGABARNA ING SWARA TAMA.